



Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Li lè pou nou fè yon ti chanjman nan pwogram lan. Pwochen chapit matematik nou an prezante mezi nan jewometri. Nan chapit sa a, ou pral etidye ang, mezi ang, ak perimèt epi sipèfisi kare, rektang ak fòm iregilye. Pou fini, ou pral etidye Teyorèm Pitagò tout moun konnen an, $a^2 + b^2 = c^2$, yo itilize ak triyang rektang.



Perimèt se mezi distans tout otou yon desen. Lè yon desen se yon sèk, distans tout otou li rele *sikonferans*. Pou jwenn sikonferans yon sèk, ou pral dekouvri ou ka multipliyè dyamèt la pa pi. Pi (π) ki gen yon valè apeprè egal a 3,14.



Vokabilè Gen anpil tèm vokabilè nan chapit sa a. Ou ka rekonèt kèk nan yo.

ang egi

è

kòd

sikonferans

dyamèt

ipoteniz

operasyon envès

kote

ang obti

paralelogram

kare pafè

perimèt

pèpandikilè

reyon

ang dwat

triyang rektang

rasin kare

Kisa w ka fè lakay ?

Jewometri tout kote ! Mande elèv ou an pou li ba w egzanp perimèt ak sipèfisi li wè nan lavi toulejou.

